


La Bib pou ti moun
prézanté

Jezi gran pwofesè a



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Byron Unger; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : E. Frischbutter; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Jezi se te yon gran pwofesè — pi
bon ki te ekziste a. Plizyè foul
moun te konn ap koute li. Jezi te
di yo pou yo gen mizèrikòd,
bonte, epi pou yo janti.



Genyen kèk moun ki ka rayi yo ak menm fè yo mal, men Bondye ap pran swen yo.

3



Jezi te anseye anpil bagay. Li te di disip Bondye y ap klere mond lan menm jan yon balèn klere yon kay. Ala yon diferans yon balèn fè nan yon chanm fènwa !

4

Jezi te pale ak moun ki te kwè nan revanj: "Je pou je, dan pou dan." Men, Jezi te anseye yo jantiyès, padon ak lanmou, menm pou lènmi nou yo.



5



Nan epòk Jezi a, te genyen kèk moun ki te pretann yo te sen anpil. Lè yo t ap bay pòv yo lajan, yo te gen yon moun ki t ap sonnen yon twonpèt pou tout moun te kapab wè sa yo t ap fè. "Bay an sekre, epi Bondye ava rekonpanse w," Jezi te di.


6

Jezi te anseye menm bagay la sou lapriyè. Gen moun ki priye nan kwen lari ki gen anpil moun pou tout moun ka wè yo epi tande yo. Y ap pase Bondye nan betiz. Yo te bay plis enpòtans ak sa moun panse de yo. Jezi te rele yo ipokrit — fo aktè.



7

Jezi itilize lanati souvan pou l eksplike ansèyman li yo. Tankou, li te montre zwazo yo epi li te di : "Papa nou ki nan syèl la ba yo manje. Pa enkyete nou. Bondye ap pran swen nou tou."




8

"Menm wa Salomon ki te rich la pa te byen abiye tankou flè lis ki nan savann yo." Jezi te kontinye, "Si Bondye abiye menm zèb ki nan savann yo, èske li p ap ka abiye nou tou?" Jezi t ap anseye moun yo pou yo fè Bondye konfyans, li menm ki konble tout



9

"Si w ap jije frè w la, se tankou w t ap eseye retire ti pay ki nan je li a alòske w genyen yon gwo bout bwa nan je pa w," Jezi te di. Petèt moun yo te ri. Men, yo te genyen pou yo reflechi sou siyifikasyon pawòl sa yo.



10

Jezi te di moun yo ta dwe mande Bondye èd. Èske papa yo konn bay pitit yo ki grangou wòch lè mande yo pen? Natirèlman non! Yo ba yo bon bagay. Bondye bay moun ki mande li yo tou bon bagay.



11

Jezi, gran pwofesè a, te avèti moun yo pou yo fè atansyon ak fo pwofesè yo. "Yo abiye ak po mouton," Jezi te di. "Men anndan yo se lou yo ye!" Jezi te di nou apral rekonèt fo pwofesè yo nan fason y ap viv.




12

Nan yon lòt istwa Jezi te rakonte, Jezi te eksplike yo moun ki te obeyi Pawòl Bondye a te tankou nonm nan ki te bati kay li sou wòch la. Yon gwo tanpèt te vini. Lè tanpèt la te fin ale, kay la te rete kanpe.



13

Men, yon nonm sòt bati kay li sou sab. Lè tanpèt la frape kay la byenfò, li tonbe paske fondasyon li te twò fèb. Jezi te di moun ki pa obeyi Pawòl Bondye a te tankou nonm sa a.



14

Foul moun yo te sezi tande pawòl
Jézi yo. Yo pa te janmen konn tande
pawòl konsa. Kounye a yo te konnen
li pa te sifi pou yo te sèlman tande
Pawòl Bondye a. Yo te dwe obeyi li
chak jou tou.



15

Jézi gran pwofesè a

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan


Matye 5-7, Lik 6

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

16

Fen

42



60

17

Istwa bibliik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

18